Nomer 48 Salasa 25 Mei 1926 (13 Hapit 1344) Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
Bestuur Pasoendan
Bogor.

di Tjiandjoer
Bestuur Pasoendan
Tjiandjoer.

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoendan
Tjiamis.

Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie:
Heerenstraat 31.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi
SOERJADIRADJA.

Directie: Administratie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— }
1/32 „ f 1,25 } Sakali moeat
Langganan langkoeng mirah.

## Artos langganan.

Hatoer noehoen ka noe parantos ngintoen artos langganan. Nanging seueur keneh bae noe teu atjan ngintoen artos langganan kwartaal ka doea 1926. Enggal perloekeun kintoenkeun ka **Administratie** Sipatahoenan Tasikmalaja.

## Non Cooperation.

(Samboengan).

Hantja djr. Otto Soebrata.

Motto

„MASKOEMAMBANG"

1. Pileuleujan alam doenja boemi langit,
koering rek boemela,
ngabelaan lemah tjai,
masrahkeun raga djeung soekma.
2. Soekalilah, estoe sadrah ka Jang Widi,
doegi ka mangsana,
iklas njawa djadi ganti,
ngabelaan tjita-tjita.
3. Moeng panoehoen noe sanget teu kanti-kanti,
ka sadaja kantja,
moegi oelah pisan lali,
ka noe laip di koeboeran.
4. Moen mangsana noedjoe kembangan salasih,
di sisi koeboeran,
mangga amboeng masing gasik,
tawis teu lali ka kantja.
5. Tangtos boengah ningal aja noe areling,
hate teh boengangang,
nadjan peuting djemplang-djempling,
moal pegat rek moemoedja.
6. Poeloeh taoen koeboeran teh djadi leungit,
teu aja tjirina,
tetenger leungit kabasmi,
ganti alam padjamanan.
7. Ketjroek-ketjroek patjoelna djalma patani,
noe ngagoear tanah,
raga dalit djadi hidji,
djeung tanah noe dipitjinta.
8. Ngaplak tegal, goenoeng djoengkrang nagloengkawing,
geleboeg anginna,
tanda kabeh geus kaeusi,
koe soekma noe disangsara.
9. Sora koering miloe djeung dalingding angin,
ka kantja koering miwoelang,
hamo rek beunang kapaling,
ngaradjah loeang katoekang.
10 Philipina lemah tjai boeah ati,
koering amit moeiang,
raga benteu katingali,
soekma anoe ngalanglangan.

RIZAL.

Ieu tembang kenging njoetat tina dangding (gedicht) kenging Rizal hidji panoengtoen (leider) oerang Philipijnen, nalika eta nagara (poeloepoelo) Philipijnen ditjangking koe Spanje, doepi ajeuna kaereh koe Amerika. Ieu panoengtoen njebatkeun jen Philipijnen teh perloe diselehan kakawasaan noe leuwih gede, tina bab ngaheujeuk nagara, nanging koe timbangan andjeunna dina waktoe eta, perloe keneh ngahidji sareng Spanje.

Doepi Spanje dina waktos harita, roepina bae kirang tebih titingaliananana, doegi ka henteu kersa nganggap kana eta timbangan. Koe margi eta doegi ka kadjantenan paketrok, aja kariboetan.

Doepi tembang anoe diloehoer tadi tea, nja eta salinanana tina dangding (gedicht) kenging Rizal, nalika andjeunna aja di djero boei dina wengi anoe panoetoep, doemeh endjingna Rizal bade dihoekoem pati didrel (gefusilleerd).

—o—

Mangga ajeuna saladjengna oerang ngadadarkeun perkawis Non Cooperation di Hindia Inggris tea.

—o—

Harita di tanah Hindoe, saparantos pada ngarasa, sakitoe kamalaratan maranehanana, nja eta babakoena pisan mah, saparantos djalma-djalma diharoedangkeun koe panoengtoen-panoengtoena, pada ngarasa perloe ngahidji, pikeun ihtiar, paheujeuk-heujeuk leungeun ngoedag kana kamerdikaan maranehanana. Djalma-djalma teh ngarasa perloe neangan panoengtoen, anoe koe oerang Islam djeung koe Boedha beunang dipertjaja.

Ti kapoengkoer dongkap ka ajeuna, oerang Islam sareng oerang Boedha teh sok pagetreng bae. Paheujeuk-heujeuk leungeun oerang Islam djeung oerang Boedha di tanah Hindoestan teh, oepami di oerang mah, tiasa dibandingkeun sareng ngadegkeun „Eenheidsfront".

Panoengtoen anoe kapilih koe sarerea, anoe dianggap pibisaeun noengtoen maranehanana ka „doenja kamerdikaan" teh, nja eta, Mahatma Gandhi.

Babakoena pangna harita bisa ngahidji teh (anoe masih paanggang pisan mah henteu atjan sakoemaha ngahidjina) nja eta, lantaran:

1. Padjeg-padjeg beuki beurat.
2. Oeroesan ngaheujeuk nagara geus henteu noeroetkeun djamanna.
3. Toeroeg-toeroeg atoeran anjar anoe rek didjalankeun, katjida pisan pahentarna, henteu njoemponan kana kahajangna, beda ti anoe ditjita-tjita koe maranehanana.

Roepina harita oerang Hindoe, saparantosna aja kariboetan (anoe engke bade ditjarioskeun) rek dagdagan bae, sanadjan kapaksa koedoe njorang naraka oge, tangtos rek ditebak bae, lantaran harita geus pinoeh teuing koe kanjeri djeung kapeurih, nepi ka matak poëk kana pipikiran noe oetama.

Djabi ti eta, kapan ari moenggoehing somah mah, di mana-mana oge kaseuseueuranana mah, henteu njaho njaho atjan kana pidjalaneunana, anoe bisa ngenteungkeun kana kahireepanana, ngan woengkoel bisa ngarasakeun beuratna djeung hajang karasa entengna. Djalma-djalma moepakat milih Gandhi noe djadi panoengtoen maranehanana. Ari anoe katjipta koe Gandhi, sangkan bisa katepi maksoedna, nja eta make djalan kasabaran, tetela ari dina maksadna mah anoe sakitoe saena.

Namoeng teu kinten matak handjakalna Gandhi kenging dianggo pakakas koe pakempeian anoe sanes anoe benten dadasarna, sareng angen-angen andjeunna, nja eta koe noe langkoeng tebih titingalianana tina perkawis politiek.

Gandhi sareng djalma-djalma patanen anoe ngagoengkeun ka andjeunna, paripaos disoehoen dina emboen-emboenan, kenging dianggo pakakas koe anoe baleunghar. (Naha jaktos kitoe? Red.)

—o—

Dina ping 1 Maart 1919 di kota Ahmedahad, Gandhi ngabewarakeun ka djalma-djalma kedah ngadjalankeun „Satijagraha" (kapasrahan lijdelijkverzet), dongkap ka rarantjang oendang-oendang (Wet) anoe disebat „Rowlatt Bill" anoe bade didjalankeun ditjaboet deui, Sadaja djalma pada djangdji oepami eta rarantjang didjantenkeun, eta oendang² moal rek ditaroeroet.

Nanging sanadjan kitoe oge, ari oendang-oendang mah, nja teras bae didjalankeun. Saparantosna eta oendang-oendang koe pamarentah didjalankeun, Gandhi ngabewarakeun deui, jen dina sasih April ping 6, sarerea kedah ngajakeun „hartal" hartosna dina dinten eta kedah paroeasa, sareng kedah ngadji kasabaran. Ari maksadna mah nembongkeun ka teu raosna, nembongkeun ka pribatinan.

Di kota Delhi mah, dina ping 30 Maart oge, parantos ngamimitian nembongkeun kapribatinanana. Roepina di kota Delhi, salah paham, saoer Toean D. M. G. Koch mah. Namoeng ari emoetan djisim koering mah sanes kitoe, nja eta, lantaran djalma-djalma parantos ngarasa peurih sareng njeri, djadi napsoena henteu tiasa ditahan deui.

Koe hal eta, djalma-djalma ngarasa bakal aja kariboetan, djadi mingkin tjaket kana ping 6 April tea, djalma djalma teh beuki gareuwah (zenuwachtig). Toeroeg-toeroeg Gouvernements Inggris nembongkeun karisina djeung kagoegoepanana anoe matak pihariwangeun. Atoeh djalma-djalma teh ngarasa bae, pibakaleun aja kariboetan teh, ngan henteu njaraho koemaha pibaloeweungeunana.

Teraskeuneun.

## Loterij Pasoendan Tasikmalaja.

Ping 13 Juni 1926 kaleresan dinten Minggoe lotre Pasoendan di Tasikmalaja bade diboeka di roemah bola Kaweningan Mitra, ngawitan taboeh 10 endjing. Sakoer noe palaj ningali dihatoeranan soemping dina waktosna.

Ka para djoeragan noe parantos mangngitjalkeun sareng noe ngagaleuh lot Bestuur Pasoendan Tjabang Tasikmalaja hatoer rewoe-rewoe noehoen.

Anoe ngagaleuh lot teu atjan artosna enggal dinten-dinten ieu kintoenkeun artosna, margi parantos santek waktosna: Sanget panoehoen oelah kedah diseratan deui, da koe sadaja oge tangtos kama'loem.

Oepami lot parantos di boeka, kadjabi ti njebatkeun trekkingslijst teh nomer nomer noe kenging prijs dilebetkeun kana Sipatahoenan.

Sadaja noe kenging prijs disoehoenkeun enggal njandak prijsna, sareng noe tebih ti Tasikmalaja sae enggal njeratan soepados eta prijs tiasa enggal dikintoenkeun (Ongefrankeerd).

Noe kenging prijs sapatoe moegi ngawartosan heula sapatoe nomer sabaraha noe pisedengeun. Engke ladjeng eta sapatoe dipidamel. Djadi noe kenging sapatoe mah nampina prijs teu tiasa harita keneh, kedah ngantosan heula.

Tina eta moegi sadaja djadi oeninga.

Bestuur Pasoendan
Tasikmalaja.

## Wet anjar.

Bilih bae diantawis para-Djoeragan anoe maos Sipatahoenan, aja anoe njebat hoemajoewa teuing „ngabedjaan boeloe toeoer" doemeh ieu djisim koering bade njarioskeun Wet anjar tea, ka anoe njebatkeun kitoe, oepami aja tea mah, menggah ka djisim koering estoe teu aja pamenganana. Doepi ieu mah bade ditjarioskeun soteh malak mandar aja damelna, djadi kaoeninga koe doeloer - doeloer djisim koering noe aja di pasisian, anoe henteu sakoemaha lomana sareng atoeran paparentahan, boh robahan atanapi tambahan; margi, perkawis Wet mah, oepami koe oerang kareumpak teh, teu kenging njebat teu njaho atanapi teu atjan ngadenge, koe dikaloearkeunana oge sareng diembarkeun saperloena, geus dianggap oonggal djalma bisa njaho.

Wet anjar anoe ngawitan didjalankeun ti ping 1 Mei 1926. nja eta:

Artikel 153 bis.

Hij die zich opzettelijk uit in woord, geschrift of afbeelding, waarin, zij het ook zijdelings, voowaardelijk of in bedekte termen, verstoring der openpare orde of omverwerping dan wel aanranding van het in Nederland of in Nederlandsch Indie gevestigd gezag wordt aangeprezen of daarvoor stemming gemaakt, wordt gestraft met gevangenisstraf van ten hoogste zes jaren of geldboete van ten hoogste driehonderd gulden.

Artikel 153 ter.

Hij die een geschrift of afbeelding, waarin, zij het ook zijdelings, voorwaardelijk of in bedekte termen, verstoring der openbare orde of omverwerping dan wel aanranding van het in Nederland of in Nederlandsch Indie gevestigd gezag wordt aangeprezen of daarvoor stemming wordt gemaakt, met het oogmerk om aan den inhoud ruchtbaarheid te geven of de ruchtbaarheid daarvan te vermeerderen, verspreidt, openlijk ten toon stelt of aanslaat, wordt gestraft met gevangenisstraf van ten hoogste vijf jaren of geldboete van ten hoogste driehonderd gulden.

—o—

Dina basa Soenda kira-kira kieu:

Artikel 153 bis.

Saha-saha anoe kalawan ngahadja, ngaloearkeun pikiranana koe tjarita, koe toelisan atawa koe gambar, anoe masoedna ngaloeskeun atawa ngahoedangkeun rasa kana ngalanggar kakertaän oemoem, atawa ngaroeboehkeun, atawa ngalawan ka pamarentah nagara Walanda atawa Hindia Walanda, sanadjan koe sindir atawa siloka (koe tjitjiren atawa omongan) bakal dihoekoem boei panglilana nepi ka genep taoen atawa didengda pangreana nepi ka tiloe ratoes roepia.

Artikel 153 ter.

Saha-saha anoe njebarkeun, nembongkeun atawa nempelkeun di tempat oemoem, toelisan atawa gambar, sanadjan koe sindir atawa siloka (koe tjitjiren atawa omongan) anoe maksoedna ngaloeskeun atawa ngahoedangkeun rasa, kana ngalanggar kakertaan oemoem, atawa ngaroeboehkeun, atawa ngalawan ka pamarentah nagara Walanda atawa Hindia Walanda, anoe maksoedna nembongkeun soepaja leuwih rea anoe njaho, kana eta toelisan atawa gambar tea, bakal dihoekoem boei, panglilana nepi ka lima taoen, atawa didengda pang reana nepi ka tiloe ratoes roepia.

—o—

Tah sakitoe eusina Wet anjar teh.

Kana geebragna ieu wet ka alam doenja, henteu aja hidji djalma anoe bisa ngahalang-halang, da kitoe kersana Pangagoeng, oerang anoe djadi somah koedoe anoetna.

Koe oerang geus teu koedoe dipikir deui, naon sabab-sababna pangna pamarentah ngaloearkeun ieu Wet teh. Menggahing ka pamarentah mah tangtos pisan ageung damelna anoe mawi dikaloearkeun oge.

Koe emoetan djisim koering, kana ajana ieu Wet teh, oerang henteu perloe ngaloearkeun timbangan atawa pamandangan margi bilih salah tin-

(✱)

## Ti pipir hawoe.

Toemboek.

Perkara toemboek teh geus lila aja di doenja sanadjan teu sakoemaha matakna, tapi ari ditoemboek di noe rea djelema mah, tjarek paribasa tea mah kadjeun dientjoukeun saroepia bae, da kahormatan.

Kamari ieu aja pangoeloe Tjimahi rek laladjo koempoelan Raad Kaboepaten lantaran rek ngahadamikeun „djakat djeung pitrah" tapi lantaran noe rek njaritana teu datang atoeh teu katjaritakeun.

Ti kabopaten toeloej ka masdjid sedjana arek netepan, sanggeus oeloek salam djeung naib kota sarta toeloej ngobrol, nepi ka hal djakat djeung pitrah.

Ki semah asa ngadahar tjabe tjengek (lada) eukeur mah ngahadja ti Tjimahi rek laladjo pahadreug djakat djeung pitrah, lantaran enja-enjana boga hal djeung kalipah Batoedjadjar ari ieu njaritakeun noe matak . . . . atoeh bakating koe lada, nja teu ngingetkeun di masdjid perkarana djakat djeung pitrah ieuh gampleng bae dipepeg priboemi teh datangka ngadjoengkel.

Gantjangna noe digampleng dakwa, nja ki semah didengda f 20,— atawa moen teu bisa majar dipandjara 7 dinten noen.

Astagfiroellah lain na bet asana teh? Legeg lebe, pamoeloe kaoem, heug hal djakat djeung pitrah deuih. ·.Awas! leden raad kaboepaten Bd. dina vergadering djaga bisi aja goeroe ngadji silih djotos tjara di parlement Eropa engke.

Geleńjoe.

(✱)

tjak *). Ajeuna mah oerang nempo ti kaanggangan bae, koemaha prak prakan ngalarapkeunana. Da kaemoetna koe djisim koering mah, ieu wet anjar teh, lega ngaweungkoena, doegi ka meh teu temboug wates waugenna.

Mangga tingali! „bedekte termen" anoe tjek Soenda mah „sindir, silib atawa siloka". Ari basa anoe kitoe teh, pesekeun atawa soerahaneun. Kawas moal boa hidji sindir - silib atawa siloka beda-beda njoerahanana, noeroetkeun koemaha kabartina bae koe anoe njoerahan tea.

Atoeh nja teu woedoe bae matak rada hariwang, toeroeg-toeroeg priboemi Hindia mah aja achli tea, kana sandar-sindir teh, geus komo deui moenggoehing oerang Soenda mah, mani geus ngabadjoe pisan paribasa djeung babasan teh.

Kantenan sadaja tingali, anoe njarios basa Soenda, henteu nganggo pari-basa atanapi babasan, mani asa tjawerang pisan, kawas angeun teu oejahan.

Ti sabarang djisim koering inget aja di alam doenja oge, sering pisan djisim koering ngoeping anoe njarios nganggo dipapaesan koe:

„Toenggoel diparoed tjatang diroempak".

„Ka tjai djadi saleuwi, ka darat djadi salebak".

„Djati kasilih koe djoenti, taman kalimpoed koe sitoe"

sareng djabi ti eta.

Manawi Djrg. Redacteur kersa sareng tiasa masihan katerangan. Naha ketjap-ketjap anoe saroepi kitoe kawengkoe koe Wet anjar teh atanapi henteu?

Margi ketjap-ketjap anoe saroepi kitoe teh, kaanggoua sanes moeng dina njarios bae, malah dina tembang

kakawihan atanapi goegoeritan oge sering kaanggona.

Ari koe kitoe tea mah, oelah bon di noe geus achir baleg, tjatjakan di baroedak oge, tara kirang-kirang lalagoeanana (kakawihanana) anoe soerahaneun, malah djisim koering pribadi oge, henteu tiasa nerangkeun, koemaha asal-oesoelna sareng naon pihartieunana, sapertos:

Ajang-ajang goeng,
Goeng goongna ramo,
Menak . . . . . enz. enz."

Tah, naha bangsa kieu oge, kawengkoe koe Wet anjar teh?

Reboe laksa kabingahan djisim koering, manawi para Djoeragan anoe loehoeng panemoena, sareng lantip boedina, kersa masihan bongbolongan tina perkawis ieu, „nilas saplasna, ngadek satjekna".

Anoe dipake kahariwang koe djisim koering teh, nja eta, poegoeh mah sindir-silib atanapi sloka anoe sok dipake sapopoena, madjar teh sindir anoe matak ngagoedjroedkeun, da beda njoerahanana tea, toeloej bae diasoepkeun kana harti „bedekte termen" anoe kaoengel dina Wet anjar tea, toeroeg-toeroeg kapan ari njoerahan teh tara sami, noeroetkeun koemaha pahamna anoe njoerahan bae.

Anoe bade masihan katerangan teu kinten diadjeng-adjengna.

**B. S.**

Bandoeng, ddo. postmerk.

*) Ari ngaloearkeun timbangan mah aja oge perloena, babakoena anoe kedah ngadamel timbangan tina perkawis ieu teh, para Djoeragan anoe djadi lid tina Raad-Raad tea, da geuning ari Raad mah seueur, Gemeente-Raad, Regentschap Raad Provinciale-Raad sareng Volksraad. Ajeuna mah oerang antosan bae.

**Red.**

## VERGADERING Regentschapsaad GAROET.

Kintoenan:

Dina poë Kemis 6 Mei poekoel 9 isoek-isoek diajakeun koempoelan ka doea kalina ti noe mimiti sanggeus ± 3½ boelan Djoer. Voorzitter hatoeran soemping ka pad. toean Renardel de Lavalette Resident Oost. Priangan sareh ngaloeoehan koempoelan.

Geus kitoe koempoelan diboeka.

**M.miti.** Ngabadamikeun hal reisiegglement Rarantjang noe ka hidji noe saenjana beunang noelad ti Gewestelijke raad, koe Djoer. Voorzitter ditjaboet geus kitoe dibadamikeun noe anjar noe beunang commissie anoe dibenoem pikeun ngoelik sarta ngajakeun hal reisreglement.

Sanggeus silih benerkeun ongkos sa K. M. sataleu teh diganti djadi f 0.30 daggeld ditetepkeun djadi f 8

Anoe moepakat 20 sora anoe henteu 7 sora.

**Noe ka doea.** Kitoe keneh tina hal oegeran katartiban (reglement van orde)

**Noe ka tiloe.** Tina hal **kaajaan desa.**

Rarantjang anoe mimiti dipaparinkeun koe Djoer. Voorzitter tina hal kaoentoengan djeung tjarik (pantjer) pagawe desa, anoe beunang ngoelik commissie, rea atoeran anoe dipake dina 20 taoen katoekang, anoe dina djaman ajeuna, djaman kamadjoean teu beunang dipake deui.

Pamanggih Commissie kitoe deui vergadering, kaoentoengan ponggawa desa teh koedoe diomean sing hade.

Oepamana tina hal pantjen keur loerah djeung keur **saloehoereunana**, anoe baheula dilampahkeun koe tjatjah djeung djelema beulian, koedoe boeroe-boeroe dileungitkeun. Gantina koedoe noe hade sarta soeroep ngaranna saperti „oeroenan desa" atawa panjoembang keur ponggawa atawa pagawean atawa djalan desa.

Soepaja hampang pikeun oerang desana soepaja kadada kadoega koedoe make wates wangen oepamana ditetepkeun 50% tina djoembiahna padjeg **tanah** djeung **kasab.**

Kaajaan ajeuna, koe wangwangan kaoentoengan loerah-loerah teh, sawenang-wenang komo moen oerang desa teu njarahoeun mah atawa lantaran kaajaanana, henteu nembongkeun kaseunggahanana.

Di district Tarogong djeung Garoet sawatara loerah, dibandingkeun djeung kapinteranana, kaajaan desana katoet reana padjeg, gede pisan kaoentoenganana teh njaeta f 200 nepi ka f 350 saboelan, inghale saloehoereunana mah njaeta Tjamat, ngan f 160 nepi ka f 250 gadjihna teh.

Ajeuna koedoe diatoer make anggeran njaeta pangsaeutikna (minimum) f 50 pangreana f 100 ditambah 8% tina poengoetan padjeg.

Adilna, sakabeh oerang desa oge, njaeta anoe boga hak milih Kiesman koedoe mere oeroenan desa.

. Ngadangoe kitoe Djoer. Voorzitter, **teu panoedioe**, ngingetkeun tatjan dirobahna hal gemeenteordonnantie djeung atoeran pantjen,

Sanggeus lila reboet bebeneran (debat) malah toean resident oge dikoemahaan, Regentschapsraad moetoeskeun kalawan saoer manoek, njanggakeun motie ka Pamarentah anoe kieu pokna:

Koempoelan Raad Kaboepaten Garoet tanggal 6 Mei 1926

Saparantos ngoeping riboet bebeneranana hal ngatoer kaoentoengan ponggawa desa njoehoenkeun ka Pamarentah poetoesan semet mana hakna Raad kaboepaten tiasa ngatoer kaoentoengan pagawe desa pangreana.

**Noe ka opat.** Geus kitoe ngabarempoegkeun pamentana toean W. Ament anoe geus diwewarakeun dina soerat-soerat kabar njaeta njoehoenkeun ka Regeering soepaja di Pameungpeuk diajakeun Ind. Arts, kalajan ditoendjang oenggal boelan f 1000 (sareboe roepia) ti ondernemingen anoe aja disakoerilingna. pikeun gadjihna Ind. Arts.]

Raad ngarempoegan sanggeus reboet bebeneran kana panoehoenna toean W. Ament.

Kitoe deui ka B. G. D. njoehoenkeun soepaja rawa sakoeriling Pameungpeuk ditoehoerkeun soepaja pangngendogan reungit Malaria ngoerangan.

**Noe kalima.**

Tina perkara pertanjaan Djoer, Soetisna hal mindahkeun hoetang ka Regentschappsraad reana f 172000,— (saratos toedjoeh poeloeh doea reboe), koe lid diterangkeun kalawan beunang dipertjaja, eta doeit noe sakitoe teh katoet djeung roemah sakit Gewest.

Lantaran Reg. Raad teh ngan bisa ngahoetang barang anoe woedjoed sarta dipiara djeung didjalankeunana koe Regt. Raad. poetoesan raad tina hal noe tadi koedoe sakali deui mariksa ka ahlina.

Oeroenan f 11800 pikeun 10 pantjoeran vergadering nganggap mahal teuing sabab ari diitoeng bener mah kaleuwihan teuing f 6000. Djoer. Voorzitter dipasrahan pikeun ngoeroeskeun hal ieu djeung Provinciale waterleidingbedrijf soepaja boeroe-boeroe tjai noe sakitoe mahalna ngotjorna oelah moebah Oepama karoedjoekan koe waterleidingbedrijf oeroenan f 11800 teh bajang keur **25** pantjoeran sarta di tempat anoe merenah. Dina kahoeroean Raad koedoe kawasa make tjai tina pantjoeran, soemoer atawa balong lebah kitoe kalawan teu koedoe majar, soemawonna djadi hoetang ka Provincie mah.

Hal majar lampoe listrik keur njaangan djalan, gedena f 11700 oge djadi lantaran soepaja doeit noe sakitoe teh dikoerangan atawa lampoena menta ditambahan.

Lantaran koe idjiran noe bener kaleuwihan teuing majar f 300 dina oenggal boelan.

**Noe ka genep.**

**Ngajakeun College v Gecommiteerden.** R. Raad nganggap perloe ngajakeun 4 djelema pikeun college v Gecommitteerden,

Malah hidji lid menta soepaja harita milih, tapi Djoer. Voorzitter nganggap saheulaanan toenggoe heula lantaran koe manahna koedoe njoehoenkeun heula widi ka Gouverneur.

**Noe ka 7. Volkscredietwezen.**

Hal ngabadamikeun reglement bank desa, anoe patjantel, djeung Stbl 1925 No. 650 sanggeus reboet bener dipoendoerkeun sarta dipasrahkeun ka hidji Commissie anoe koedoe mariksa.

**Noe ka 8. Njaian ti sitoe Bagendit.**

Koe panoehoenna djelema-djelema di desa Soekamadjoe distr. Tarogong soepaja tjaina sitoe Bagendit teh di tambahan pikeun kaperloeanana dina oesoem halodo njaian kira-kira 700 baoe, njaeta ngajakeun ockoeran tjai dina eta sitoe noe 50 c. M. koe Raad karoedjoekan pisan. Sitoe Bagendit anoe njaian kira-kira 140 baoe, bisa diloehoeran koe ditembok noe loehoerna ½ M. kira-kira 500.000M³ tjai leuwihna ti noe ajeuna.

**Pikeun** meulian sawah sakoerilingna djeung **nembokna** kaperloean noe sedjen perloe diajakeun f 8000,—

**Noe ka 9. Nambahan ongkos perdjalanan djeung matoeh.**

Hidji lid njoehoenkeun soepaja ongkos rek koempoelan ditambahan f 800 lantaran taksiran barang mimiti saeutik pisan nepi ka teu tjoekoep soepaja enggoning diadjar koempoelan teh koedoe enjaan. lantaran rea perkara noe koedoe dioeroes, sakoerang koerangna koedoe koempoelan 6 × sataoen.

Moen koe oerang dikira-kira dina sakali vergadering teh teh ongkosna f 250 6 × meureun f 1500 atawa leuwih f 800.—

Sanadjan Djoer. Voorzitter **nolak** tapi lantaran vergadering rempoeg pisan dipoetoeskeun menta ditambahan.

**Noe ka 10 nepi ka 30.**

Perkara-perkara noe sedjen, lantaran henteu sakoemaha pentingna gantjang pisan dipoetoesna.

Anggeusna vergadering harita nepi ka poekoel 2 beurang, geus kitoe koempoelan deui ti poekoel 5 nepi ka satengah dalapan peuting.

## Oear pangadjak.

Tangtos seueur keneh anoe aranoet, jen dina taoen 1923 aja congres basa Soenda di Bandoeng, soemawonten noe sami ngaloeoehan mah. Di dinja parantos dibedjer-beaskeun pisan kaperloeanana oerang Soenda ngamoemoele djeung ngadjoengdjoeng kana basana, babakoena diterangkeunana koe para djoeragan panoengtoen congres.

Soegri noe harita soemping kana eta congres. kantenan sami njakseni kana goembirana noe ngadarangoe, tawis panoedjoe Eta poerwana simkoering doeaan noe nawis di handap ieu, wantoen ngadjak ka para djoeragan sareng para mitra, babakoena ka anoe **ahli ngadangding** sareng noe **ahli mamaos** (toekang nembang) oerang sami ngamanahan ngalenjepan **Tembang Soenda**, reh kaemoet seueur pisan oenak anikna. Engke ka pajoen oerang rempagkeun di pasamoan. Diadjeng adjeng waleranana tawis moepäkat.

Baktos simkoering doeaan
**Rd. Hassan Soemadipradja**
Patih Krawang
**Rd. Satiadibrata.**
Goeroe sak. Normaal
di Poerwakarta.

## Samboengan biantara Kangdjeng Dalem Pangsioen Djepara.

Djalanna soepaja di pikampoengan njaraho. tina perkara naon noe beunang ditoeloengan koe ieu koempoelan, taja deui ngan koe djalan ngaloearkeun panglajang, noe teu perloe majeng angger kaloearna, tjara di Leger des Heils „de strijdkreet." Basana noe dipake koedoe basa noe kaharti koe si Leutik, sarta make aksara Walanda, soepaja bangsa sedjen noe hajangeun matja bisa ngarti kana eusina. Noe diasoepkeun, sadjaba ti perkara noe geus kadjadian karana meunang atawa rek meunang pertoeloengan ti ieu koempoelan teh, oge hal-hal noe sedjen noe dipikaresep di padesan. Ieu panglajang koedoe djadi toedoeh djalan hal palanggeran nagara, noe rea gawena (matak ngoentoengkeun) ka noe djadi somah. Ari perkara kamistian maranehanana mah koe emoetan geus rea noe mamatahan.

Dina waktoe ieu noe perloe katjida teh modal pikeun ngaloearkeun eta panglajang djeung ngagadjih „Opsir", noe reana dina ngamimitian teu koedoe rea-rea.

Noe diarep-arep, taja sanes moegamoega di oerang seueur kaom baroediman noe pakeunna aja oge kasebatna, kersa masihan pitoeloengna, pikeun ngajakeun eta modal.

Kahareup. oepama geus kapertjaja koe bangsa Djawa, meureun tiasa oge neangan kaoentoengan sorangan, koe ngadjoeal panglajangna djeung, tjara di Leger des Heils, tina derma, noe dikoempoelkeun koe opsir-opsir djeung soldadoe-soldadoena.

Dina waktoe mentana derma, perloe pisan maranehanana marake pakean anoe ditangtoekeun (Uniform), lain bae koelantaran ngahalangan noe rek nipoe, tapi oge ieu teh ngaleungitkeun rasa kaera pikeun ngadjalankeun eta pagawean (bedelwerk). Opsir-Opsir dimistikeun salawasna, oepama ka loear, make uniform, soepaja sarerea pada njaraho jen ka noe kitoe pakena, oerang iraha bae meunang menta toeloeng tina perkara naon bae.

Tah, sakitoe babakoena pisan, noe kaerong koe pribadi tina kempelan kahardjaan Priboemi.

Naha ngalamoen teh djaoeh teuing? Bisa djadi.

Ah, tjenah, moal pibisaeun ngoempoelkeun djalema noe loehoer kabisana gede kahadeanana (teu karana nendjo kana kaoentoengan) pikeun opsir-opsir. Eta oge bisa djadi. Tapi koe emoetan, ningal kaajaan ajeuna, gede oge pribadi pangharepan tina hal eta.

„Wah, moal enja pibisaeun ngoempoelkeun doeit samahina pikeun ngaloearkeun panglajang mimiti oge." Ih, atoeh, oepamä teu bisa, nja keun bae teu make pertoeloengan noe sedjen oge hal eta mah, asal kaajaanana bae hade pikeun ngamimitian ngoedag eta toedjoean, djeung ngahudjikeun noe ngarempoegan sarta wantoen ngabelaan kaperloean ieu koempoelan.

Tjenah, teu bisa oerang mah make patokan agama pikeun ngadjalankeun kaasihan, tjara Leger des Heils noe dipake tjonto sababaraha kali.

Tah, moen ieu, bener matak djadi halangan. Tapi kira-kirana, naha di bangsa oerang teh katjida pisan koerangna kitoe koe anoe boga anggepan, jen ngadjalankeun kahadean pikeun bangsa sorangan teh pangadjina paling tjopel saroea djeung, di santri mah, gandjaran di acherat?

Ah, tjeuk pribadi mah, pirakoe nepi ka euweuh. Teu pertjaja nepi ka kitoe mah.

„Tapi noe tangtoe pisan mah ieu gerakan teh moal bisa meunang kapertjajaan bangsa andjeun!" Oge bisa djadi ieu teh.

Pribadi sok sering mikir nanja ka awak sorangan, naha geus aja noe njoba ngadjalankeun kahadean ka bangsa djawa, noe teu karana boga maksoed tjari oentoeng, diimplik-implikan koe kamistian atawa kabeubeurat keur si Leutik, soepaja pinanggih djeung noe disedja?

Pendekna mah, boh hade boh goreng, baris kaoedag henteuna ieu toedjoean, engke meureun katembong oepama geus didjalankeun. Diadjar bari prakna digawe, atoeh tjenah boektina teu bener kari make djalan sedjen. Doenja pinoeh koe tarekah, saha-saha noe bener-bener neanganana, hamo teu bisana manggih.

## Gadjih committeer v.c.w. di Afdeeling Garoet.

Dina taoen poengkoer, djisim koering geus njarioskeun perkara gadjihna committeer v. c. w. di Afdeeling Garoet, anoe asalna f 30 ditoeroenkeun ngan didjieun f 27,50 djaba ongkos djalan. Ieu atoeran teh doemeh tjek Besluit Kang. Toean Resident Priangan ddo. 20/2-23 no. 4681/56 committeer gadjihna ngan nepi ka f 27.50. Hoofdcommitteer tepi ka f 40 padahal dina besluit eta keneh, artikel 4 diseboetkeun jen lamoen gadjihna comt. atawa Hoofd comt. geus aja anoe leuwih ti batan dina besluit eta koedoe tetep bae; sababna eta besluit teh henteu njaboet kana atoeran-atoeran anoe geus djalan katoekang-toekang samemeh kaloear eta besluit.

Djadi dina practijk, ngadjalankeunana eta besluit teh, kawasna rada kaliroe; boektina sanggeus tina perkara ieu ditjaritakeun dina soerat kabar Sipatahoenan, henteu lila deui djol aja paparentahan ti toean Adj. Inspecteur V. C. W. Oost Priangan ka djrg. Mantri mantri, jen committeer-committeer anoe dienstna geus 8 taoen gadjihna koedoe divoorstel didjieun f 30. Malah disamboeng deui eta paparentahan teh koe soerat ddo. 18 Januari 1925 No. 40/11 anoe tepi ka ajeuna teh lilana geus 4 boelan leuwih saeutik. Pikeun anoe ngarepngarep, 4 boelan leuwih teh lain saeutik waktoeoeoeoe . . . . .

Ajeuna oerang titenan, Toean Adj. Inspecteur V. C. W. moendoet voorstel staat boelan Januari '26, dina boelan Februari sakoerang-koerangna eta voorstel staat geus katampa ti djoeragan djoeragan Mantri, boelan eta keneh geus asoep ka Kantoor Kangdjeng Boepati Garoet dina boelan Maart koe Kangdjeng Boepati geus diGoedgekeurd, mistina April committeer geus nampa gadjih f 30, Tapi ieu teh kira-kira, lain boekti. Ngan lamoen henteu kitoe . . . . . . koemaha? 4 boelan teh lain waktoe sakeudeung, koerang merenah 4 boelan ider-ideran sa afdeeling henteu tjoekoep. Sabab eta voorstel staat hen teu koedoe kamana mana deui, semet Kangdjeng Boepati, geus oetama da ontvoogding.

Kadjaba ti 4 boelan make waktoe aja deui anoe matak heran, tjek bedja eta gadjih commit. f 30 teh ditetepkeunana ti boelan April 1926, lain ti mimiti gadjihna dikoerangan, Lamoen bae ieu bedja bener, pohara matak teu kahartina, sabab ieu tambahan gadjih teh. lain atoeran anjar, lain robahan, tapi samata mata ngomean pagawean anoe kaliroe dina practijk, hartina menerkeun anoe salah; djadi ana kitoe atoeh koedoe bener pisan, oelah bener sabeulah sapotong, kahareup diomean, ari noe katoekang naha keun bae sina mologong . . . . ?! Meestahil deui . . . . karana ngadjadikeun roegi ka committeer ätawa Hoofd commit. Geura oerang itoeng loeloemajanan, mimitina ditoeroenkeun teh kira-kira boelan Maart 1923 tepi ka ajeuna boelan April 1926 (lain Mei) lilana 38 boelan, a f 2 50 = f 95 (salapan poeloeh lima roepia) tah di committeer gadjihna dina 38 boelan (3 taoen 2 boelan) sakitoe roegelna komo Hoofd committeer koe kira-kira mah 2 × f 95, = f 190—

Pikeun di Hoofd djeung committeer karoegian sakitoe teh estoe lain „LOEMAJAN", tapi matak moeriang panas.

Panoetoep ieu toelisan, moega-moega para pangagoeng nagara di Garoet kersa ngadjeudjeuhkeun (ngamanah) kana pioendjoekna abdi abdi padamel anoe leutik.

Djoeragan Redacteur Sipatahoenan njoehoenkeun dikintoenan salambar ka Bureau V. C. W. sareng ka Regent kantoor di Garoet.

**K. W. A.**

## Reiskosten Committeer afdeelingsbank di . . . . Garoet keneh.

Tadi, diloehoer, atawa disedjen bagian (kolom), dina ieu Sipatahoenan njaritakeun gadjihna committier V. C. W. anoe dina taoen 1923 ditoeroenkeun tina f 30 didjieun f 27,50 sarta ajeuna baris ditetepkeun deui djadi f 30 kawasna sabab kaliroe.

Demi ajeuna committeer afd. Bank, tjenah reiskosten beda ti Hoofd committeer, njaeta doemeh Hoofd committier mah ongkos djalan teh dibere f 30, tapi ari committeer ngan f 20,— atoeh gandjar f 10, djadi dirasana koe committier, djigana, „njolok mata molotot"; padahal, ari pagawean tanggoengan perdjalan djeung resort mah pada pada saroea, saperti: Hoofd committeer a resortna njekel 2 onder district b. njieun aanvraag anoe rek ngaindjeum ka Bank, c. nagih hoetang anoe geus liwat mangsa (achterstand), d. mere inget ka djelema anoe geus boelanna koedoe majar hoetang, djeung e. ngaboektikeun kakajaan anoe rek ngindjeum ka Bank. Ieu anoe kaseboet tina b. tepi ka e teh didjalankeunana reudjeung ngaloearkeun ongkos ongkos, tjaraning njewa kareta api, kahar, djeung l. l malah dina palebah ngadjalankeun c. d. e. mah sakapeung kapoengeun sok radjeun kapaksa koedoe meuting di desa, atoeh ongkosna oge tangtoe beuki nambahan djeung ongkos mondok (dahar). Tah sakitoe prak-prakan pagawean Hoofd committeer.

Koemaha ari prakprakanana pagawean Committeer?

Henteu aja bedana, anoe kaseboet, dina a., b., c., d. djeung e. teh „sama sadjah" satali ja . . . . . tiga baroe, tepi ka oenak anik tektek bengek teh nja kitoe pisan. Toeoeoeoeh . . . . . anoe matak tjek Committeer mah „njolok mata molotot" oge kitoe.

Bedjana (ari bedja tangtoe atian sidik), Committeer Bank di afd. Garoet, keur sasadiaan rek njanggakeun rekest ka Bestuur djeung ka Toean Administrateur afd. Bank, nja eta baris njoehoenkeun reiskostenna disaroeakeun djeung Hoofdcom. nja eta tina f 20 soepaja djadi f 30, da sagala galana mah kapan saroea tea, kitoe deui eta Committeer afd. Bank, henteu erek njisi koedi kana hal gadjihna Hoofd Comt. sanadjan galede oge, sabab roemaoseun kapan pangkatna beda, itoe mah Hoofd (hoeloe) ieu mah ngan Committeer woengkoel, djadi henteu erek „rewel" tina gadjih

mah, top teh, teuing, ngan eta bae ongkos djalan oelah dibeda-beda.

Kitoe deui eta rekest teh, lain pikiran anjar-anjar, tapi geus dikarandoeng ti barang mimiti djadina eta atoeran, ngan bae kapan sagala roepa oge, ari bangsa oerang mah sok katjida pertjaja ka chefna, jen sagala oge tangtoe koe chef ka oeninga, tapi dirasa-rasa wet djongdjon bae, teu aja robahna.

Tina hal ieu oge tjek Committeer mah, Bestuur djeung Toean Administrateur teh, ngan kaliroe woengkoel, sarta maranehna pertjaja, jen lamoen geus oendjoekan mah, Committeer-Committeer teh, tangtoe dikaboelkeun, pamohalan anoe saroea sagala-galana datangka tetep bae dibedakeun, boedak oge ngarti, meureun.

K. W. A.

—o—

TJITAMENG IV TEA!

Di dieu keneh (dina Sipatahoenan), bareto koering geus njaritakeun kaajaan Tjitameng IV, lamoen lebah Soekabarang dibendoeng, meureun kahilir sawah-sawah teh, lalendo djaradi gendjer djeung etjeng, sarta dina eta karangan koe koering, disabit-sabit asmana Kangdjeng Toean H. C. van den Bos, keurna djoemeneng Controleur di Tjibatoe, anoe ajeuna atjan lami diangkat djoemeneng Resident di Madioen, nja eta tina welas asihna ka anoe leutik keresa ngadjeudjeuhkeun pangaboetoehna tjatjah; ari tjatjah teh kapan hartina noe enja mah „toekang majar padjeg", toekang bobolokot kesang kana „gawe desa djeung nagara"........

Tah, koe andjeunna mah oerang afd. Controleur Tjibatoe baheula teh didjeudjeuhkeun pisan.

Ajeuna pamoentangan oerang Controleur afd. Tjibatoe baheula (naha pantes lamoen disebbet gegedoeg? Tjibatoe?), ajeuna geus djengkar manten ka Madioen! Beu ... handjakal.

Tapi kapan „ratoe tara moegoeran, menak tara ngarangrangan", nadjan euweuh itoe aja ieu; nja eta djago rajat anoe sadjatina. Padoeka Djoeragan Raden Wirahadikoesoemah Wadana Tjibatoe, djeung djoeragan Raden Moehamad Enoh Arsitek Garoet (Tasikmalaja?), (Oost. Priangan Corr.) 2 nana Lid Raad Kaboepaten Garoet, anoe tjiik poetih tjlak herang, dipilih koe rajat, pikeun ngawakilan dina medan oerang tanding, adoe soewara di Kaboepaten. Koe ieu djoeragan-djoeragan, koering pertjaja jen djelema leutik teh tangtoe dihoedangkeun kamadjoeanana, dihadang ka teungeunahanana. Djadi ..

..... bendoengan Tjitameng IV oge (bilih lali di Soekabarang!), bisa djadi atawa bowa-bowa katekanan (kaboektian) didjieun bendoengan tembok, sabab arandjeunna katjida pisan dodogerna ngoendjoekeun eta Tjitameng kaperloeanana ditembok, palebah Soekabarang, pikeun reserve dina moesim halodo.

Toeroeg-toeroeg tjek bedja ti anoe sok dipertjaja, ajeuna di lebah Soekabarang teh, geus dikali taneuhna dipariksa koe pembesar Irrigatie, taksiran bae marijksa sabraha pidjeroennana lamoen ditembok, djeung kawasna pikeun ingatoer Begrootingna.

Koe hal eta koering bisa ngarepngarep kana boealna Tjitameng ditembak, moega-moega bae, satoe, doea, tiga kali mariksa teh, oelah ngan ..... mariksa woengkoel, sing tepi ka ngadjegirna tembokan .......

K. W. A.

### Sadjarah Sitoe Tjibonte

(Samboengan)

Sitoe Tjibonte kalaksanakeun bisa njaian, ka sawah Djambelega, Tjikelewek, Tjibeunteur, Gardoe, Sagati sareng Rantja panggang, Djadjawaj.

### EMBARAN.

Maparin terang, di kantoor Kaboepaten Tasikmalaja disajagikeun ka soegri noe hojong ningalian:

Ontwerp Reisverordeming goena leden Reg. Raad Tasikmalaja.

Ontwerp verordening perkara oe rosan desa.

Salinanana tiasa ngagaleuh.

Tsm. 1 Mei 1926.

Boep. Tsm.

(W. G.) Wiratanoeningrat


**ADRES noe parantos KASOHOR**

**DAHJAN**

**Toekang Mas Roemah No. 18**
**Tasikmalaja,**

Ngitjal roepi-roepi perhijasan tina mas sareng perak. sareng nampi padamelan, sapertos: Ngadamel pinggel penitih, lelepen sareng sanes-sanes deui, ongkosna kenging mirah padamelan di tanggel sae sareng enggal.

Ngitjal roepi-roepi erlodji.

Sapertos: Erlodji sakoe, erlodji tangan, tina mas, perak alpaka merek election sareng sanes-sanes deui merek mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

Tina tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging Medali Mas.

EEREDIPLOMA


### L. S.

Sareng ieu sim koering ngawartoskeun ka Para Langganan sadaja, jen toko sim koering bade dipindahkeun ka Bandoeng.

Ajeuna barang-barangna bade diitjalkeun heula sadajana, nja eta ditoeroenkeun pangaosna, anoe sapalih dipotong 10%, sapalih deui 20%.

Oepami Para Djoeragan bade ngagaleuh mirah pisan, mangga enggal soemping ka toko, bilih kaboeroe seepeun.

Hoermat simkoering
Toko boekoe
L. A. LEZER
Tasikmalaja.


**TEGEL FABRIEK „NAJA"**

**Djalan Pasar - Tjieunteung**

**TASIKMALAJA.**

Sajagi roepa-roepa tegels.-
Pangaos ditanggel ngabingahkeun. Tjonto-tjonto di. kintoen pertjoemah (gratis)·
Mangga tjarobian.
Hormatna noe
ngantos-ngantos.



**TOKO**

**Universeel Agentschap**

**NIC MULLER**

**TASIKMALAJA**

**Goenoengladoe No. 15**

Telefoon No. 26.

Sagala roepa obat-obat Patent sareng Chemicalien.
Tjelep (sipoehan sindjang).
Landong roepi roepi sapertos:
Landong njeri bool
Landong soepados tiasa koelem
Pil koeras manis
Landong panas anggoeun moerangkalih
Landong intjok
Saboen anggoeun kasawat koelit
Landong noe lembek salira soepados djagdjag
Landong gohgoj sareng menggi
Zalep boelao koneng sareng bodas
Kompa pinareup
Wedak roepi roepi
Pel njenjepan
Landong njeri kahampangan
Castor olie noe diboenghoes
Creoline, Karbol
Kompa istri
Landong njeri beuteung tadjam
Oebar kokoloteun
Landong angkeng
Kain karet No. I.
Landong kiat ka ... ?
Landong kakiatan moerangkalih soepados montok
Limoen pergasi
Landong paranti moeragkeun boeloe kelek
Oebar raheut
Oebar paranti dikoeramas
Oebar toembila
Landong kakiatan salira
Perban perbanan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kain roepi roepi warni.

Model, moerah, aloes.

Poendoet bae prijscourant (boekoe pangaos) kenging pere.

Sadaja barang kenging pesen rembours. Mangga tingali koe andjeun ka toko.

Noe ngantos
40 **Nic Muller.**



**Boekoe Aoseun**

Anggoeun djoeragan istri sajagi.
„ „ pameget seueur.
„ „ sepoeh ngaboegbroeg
„ „ anom njondong.
Henteu sesah nanggap wajang
moal kantos nongton bioscoop
henteu kedah djaoeh-djaoeh goegoeroe
moal kantos nanggap pantoen atawa ogel.

SEWAEUN sareng GALEUHEUN BOEKOENA DISAJAGIKEUN

Geura mangga soemping ka Bibliotheek „Sinar-Kamadjoean" di Pasar kolot Tasikmalaja.

Radjana boekoe tjarios „Noenggoel pinang" pangramena diaosna matak senang tinimbang djeung nanggap bonang matak bidjil hawa napsoe anoe kareunang.

Bentangna wawatjan boekoe „Poernama Alam" ramena moal mendak nadjan saeusi alam dangdingna loetjoe beres ngarakitkeun kalam ngandoeng elmoe aoseun sadoenja Islam.

Aja deui boekoe tjarios ' boenawas eusina bab akal kapinteran landong noe was-was matak begar mangga manaban sing awas oepami kapaham moal keuna koe kareuwas.

Kitoe deui tjarios „Loetoeng kasaroeng" mangga aos, tinimbang loemanteung di loeloeroeng bilih datang napsoe anoe ngadjoeroeng hese ditahan moen napsoe enggeus ngaberoeng.

Lamoen istri roeroetan lampah GENOVEVA matak kenging elmoe sami sareng tatapa alah batan papatah ti indoeng bapa matak reug-reug alah batan lega kebon kalapa.



**Toko SOENDA**

**TASIKMALAJA.**

Telefoon No. 56

Ngawitan dina p... ping 20 Maart prantos disajagikeun ... n roepi roepi ... troempah, sepatoe, slop sandel, ... oe rubber, anoe didamel tina Crep ... ng pesen oepami anoe tebih kengin ... merna, koe serat asal disebat no ... antos doepi kakiatanana teu k... ntos dipoedji deui, margi parant... pada oeninga.



**ENGGAL NGAGALEUH**

**„Wawatjan Wajang Poerwa"** sae eusina, sae basana, sae dangdingna seueurna 1019 pada, pangaosna moeng **f 1,25.** Oentoengna tina ieu boekoe anggoeun **Schoolfonds H. I. S. Pasoendan** Tasikmalaja.



**LELANG OE... TAN DJATI.**

Hari Senen 7 Juni 1926 poedo... el 9 pagi di roemah bola Intramontes di Garoet tiga perceel ... kajoe jang masih berdiri (belon ditebang) besar a. 6½ H. A. ... 9 H. A. dan c. 5½ H. A. ada di dessa Tjirapoehan, Tjianten o... istrict Bloeboer-Limbangan Garoet. Taxatie

a. 30 M³ kajoe djati + 180 elo kajoe bakar
b. 55 M³ „ „ + 328 „ „ „
c. 12 M³ „ „ + 74 „ „ „



**TOKO BOEKOE**

**M. I. PRAWIRA WINATA.**

**Katja-Katja WETAN 182 BANDOENG.**

ENGGAL POENDOET SALABARAN

**Wawatjan Sadjarah Ambia.**

Hidji boekoe (kitab) anoe kedah dipoesti poesti koe sadaja Kaoem Moeslimin anoe **iman ka Pangeran.** Eusina njarioskeun ti ngawitan Goesti Allah ngadamel: **Noer Moehamad, Hidjaboel rohman, Djohar Awal, Sawarga, Malaikat, Widadari, Aras, Koersi, Lohmahfoed, Loh kalam. Sadjaratoelmoentaha, Lakalhamdoe. Naraka, Alam laoet, Angin Toedjoeh lapis langit, Boemi ping pitoe, Dingdingdjalal, Boelan, Bentang, Srangenge, Bangsa Djan, Ibnoedjan, Malaikat Idadjil Tapel Adam, Nabi Adam,** enz. enz. toetoeg doemoegi ka poepoesna panoetan oerang **Kangdjeng Nabi Moehammad s. a. w.**

Oepami parantos maos **salabaranana** kantoen ngamanah-manah.

KOOPT EN VERKOOPT TWEEDEHANDSCH BOEKEN.

**Moderne talen.** **Werken op elke gebied.**

**Boekenlijsten gratis.**



***Dengen hormat!***

Bersama ini saja mengabarken pada toean-toean dan njonja-njonja jang doeloe winkel giginja toean Tan Hoen Auw sekarang telah di over oleh saja dan di oeroes dan di keredjaken oleh saja sendiri.

Maka saja banjak harep pada toean-toean dan njonja soeka bikin pesenan pada saja dan njataken sendiri dari saja poenja kepandean perkara gigi maoe tjaboet ganti of tembel saja tanggoeng dari saja pekerdjaan baik dan lekas.

Dan di dalem saja ada sedia doktor bernama Tan Koh Hwie dari Tiong Kok jang soeda lama terkenal ia poenja kapinteran boeat obatin segala roepa penjakit sepereti penjakit orang lelaki dapet sakit kotor roepa apa sadja bole lekas dateng pada itoe doktor.

Dan boeat orang perempoean keloear kotor tida tjotjog (kengki poetoej) atawa soeda lama tida dapet anak kepengen dapet anak, op soeda lama berenti maoe dapet lagi bole lekas dateng tanja djoega pada itoe doktor.

Dan laen dari itoe penjakit jang terseboet djoega ia bisa bikin baik dengen lekas segala roepa penjakit adanja,

*Kiong tjioe dan hormat dari saja.*

**JOE AN.**

**Di moeka Pasar Tasikmalaja.**


## IMPLIK-IMPLIK

### Kembang Sedepmalem.

**(Moeng kanggo S. P. bae)**
**koe K. M.**
**Samboengan S.P. No. 48**

Njaoer ka gandekna ari panonna mah ka noe ngarendeng djeung koesir bae. Kaja-kaja sapa? Dina manahna, wong wedo wis samene bengine isih njado, apa bodjone koesir apa gendaane?

Geus didieu bae mandeg, djam pira kie? Djoeragan tjapa tjipi rada lila neangan keur majar sado roepana bae teu aja doeit leutik, ana manggih ketip doea, rek dibikeun kabeh gede teuing, rek dibikeun hidji bisi teu daekeun, da sedengna pisan mah 15 sen. Toengtoengna sok bae ketip teh doeanana, mangga ieu mas, bari ngodorkeun.

Haripeut kang koesir nampanan, tadina rek njeboet noehoen, tapi barang beh ngan ketip doea, meh teu karasa kana leungeunna, da toemaninampa noe rada beurat atawa narima wang kertas. Kirang keneh atoeh gan! ieu da wengi.

Ah, sedeng bae atoeh na koedoe sakoemaha? djawab djoeragan sepoeh bari ngintjid.

Inggih pandjenenganane prehpoen! omong koesir minangka ngedalkeun ka teu ngeunahna hate bari malikeun sadona, beretek dipetjoet satarikna datangka apeng-apengan noedjoe angin mani ngadoedoed.

Teu sabaraha lilana nepi ka lebah aloen-aloen masih aja noe tingkoelampreng, doea sobat keur djalandjalan taksiran keur ngasokeun awakna oeroet digarawe beurat, ngaromong anoe teu matak kaharti koe oerang bari aroedoed pipah awi anoe pandjang, ngan noe kadenge sora ide ide hoh hoh. Sado rada dikendorkeun koe kang koesir, sobat! bari ngagero: tjingtjaj lah!

Eueng tangginas njandak petjoet, teu inggis neunggeul koeda sina maboer tarik oelah sina eureun lebah dinja, atoeh kang koesir teu aja tanaga keur ngeureunkeun. Doea sobat geus djaoeh paliwatna. Eum, eueng mah naha mani teu kenging tabe-tabe atjan ka sobat, eta teh langganan abdi ari ngahantoenan lomari korsi naon bae, bageur pisan, bet pirakoe abdi ge gagabah atanapi tega ningalkeun eueng ka eta sobat.

Mangga atoeh Neng ajeuna mah oerang moelih bae, ke toeh oerang meser ramboetan heula keur toeang iboe.

Tjing eta ramboetan opat beungkeut, aramis ieuh? Kantenan bae tembal noe dagang teu pati merdoeli kana daganganana, da katoengkoel neutenp bae ka noe toempakna.

Tah ieu djang ngan aja sakieu, bari sadona dipadjoekeun. Toekang ramboetan olohok bae bari nampa doeit ngan doea ketip padahal ngadjoealanana teh 8 senan. Tapi pikirna teu panasaran da aja tetendjoan hade, rasana kapoenah koe sakitoe.

Bangloes Eueng moelihna djam 11 ngadjingdjing 4 beungkeut ramboetan pikeun sarat nahan bendoena toeang itoe djeung minangka pamoeka lawang.

(Aja samboenganana).

Ejangna M. Moechamad Samsoeri loerah dessa Bandjar, andjeunna oge teu tinggaleun nja ngadamel sitoe Tjibeureum perloe keur noenda tjai ti sitoe Tjibonte perloena pikeun njaian sawah dessa Bandjar palebah katja katja ajeuna, oerang dessa Tjibloek oge sami merloekeun midamel solokan pikeun sawah bagian Tjoebloek noe ngawates sareng Gardoeh, bo nja oentoeng, waktoe harita mah.

Dina waktoe kalasiran ti pajoen eta sitoe di pareboetkeun koe dessa Sitoebatoe sareng Balakang pada hajang miboga eta sitoe, nanging koe kalasir ditetepkeun kawah Hakoellah bae.

Lami ti lami eta sitoe teu goegoor teu angin, bet djadi kamilik ka Sitoe batoe, atoeh oerang Sitoe batoe mah teu perloe kana tjaina, ngan perloe kana laoek pesikeuneun sareng di sisina di djieun sawah sareng balong tapi teu sabaraha, atoeh, Balokang, sareng dessa Bandjar mah teu kinten sisidoeeunana sawah-sawah doegi ka gararing, toeroeg-toeroeg jasana akina loerah Bandjar nja eta Sitoe Tjibeureum ajeuna djadi sawah milikna Mas Satjadikarta loerah hormat Balokang tapi doeka sabab-sababna noe matak djadi sawah milik ngan Mas Satjadikarta noe bisa njaritakeun.

„Ka mana lolobana tjai Tjibeureum? Nja dipitjeun ka Tjitandoej teu perloe ngoeroes sawah batoer!

Oge sabab-sababna noe matak sitoe Tjibonte asal kawah Hakoellah ajeuna djadi milik dessa Sitoebatoe, noe bisa njaritakeun perloena sareng sababna taja sanes, ngan djoer. R. Tjakrawidjaja loerah Sitoebatoe ajeuna.

„Abdi roemaos djadi panakawan oerang Bandjar sareng oerang dessa Balokang anoe pribadosna kalawan nalangsa, abdi kapoerih ngoendjoekeun ka Kangdjeng Dalem, pisanggemna abdi-abdi Balokang Bandjar njoehoenkeun soepados eta Sitoe Tjibonte Tjibeureum, di damel deui Sitoe Kawah Hakoellah hanas karoegian sami-sami sanggem matoeng, sadjabina abdi-abdi noe kaoendjoek, abdi Goesti oge; timpah sembah noehoen oepami Pangaoelaan kersa ngaboelkeun.

Panakawan oerang Bandjar.

**Hardjoproewito.**

*) Kangdjeng Dalem Soekapoera teh ejangna Kangdjeng Dalem ajeuna nja eta Kangdjeng Dalem Wiraadegdaha atawa Kangdjeng Dalem Wiraadiningrat.

(Loear tanggoengan Redactie).

## WAJANG GOLEK.

Kawasna, moenggoehing di saka beh djelema oge pada ngarasa resep ari laladjo wajang golek teh, komo ari noe ngigelkeunana bangsa dalang djempol mah, saperti dalang Soewanda Bandoeng, Isra Soekaboemi, Atmadja Tasikmalaja, Kajat Garoet, enz. enz. Leuh beuki resep, beuki siga bae. Ari pek teh ditanggapna di emper hareup deui noe baris katendjo koe noe laladjo, heug meneran tjaang boelan tanggal opat belas, keur meudjeuhna ngempraj tea, atoeh toekang laladjo teh tambah dolog bae tina tambah soegema laloeasa katjaangan koe boelan Poernama, Noe daragang oge di boeroean teh loba, teu hese nja barang beuli, djadi matak tambah mawa haneuteun kana tatang gapanana, komo lamoen dibarengan djeung rame lalakonna toer oejahan bobodoranana mah asa geus bae, beak kasoekaan teh.

Di Garoet oge, nja teu beda ti kitoe, meh kabeh pada raresep laladjo wajang golek teh. Boektina bae dimana aja noe nanggap wajang, tah nja di dinja djelema moengpoengna teh, Tapi . . . . ari noe katingal koe djisim koering mah teu di saban tempat eta kitoe teh. Geura ieu bae, oepama pareng aja wajang di Gedong Kaboepaten Garoet, geuning teu ara katingal loba noe laladjo. Na arisineun kitoe, pedah di boemi Kangdjeng Dalem? Kaemoetna koe djisim koering oge, nja pertjaja bae rek isineun oge, tapi lain isin-isin teuing koe Kandjeng Dalem, ngan ieu mah pedah eta ditanggapna teh lain di hareup (di Mandopo), tapi ieu mah di djero boemi, di toekaaaang . . teh pisan. Atoeh djelema - djelema noe rek laladjo, isinna teh koe doea koe tiloe. hidji isin pedah ditanggap koe Kangdjeng Dalem tea, kadoeana eta koe ditoekang pisan, da moal hade talag tolog ka toekang, ngaliwat dapoer, kamar siram sagala mah. Leuh siga koemaha bae pidjalmaeunana oepama aja noe wani kitoe teh? Meureun doraka, djaba dikasih peredom koe noe ngadjaga.

Tah, noe matak tjek djisim koering oge didinja mah teu ara katingal aja noe laladjo, da kitoe tea sababna. Ari pek teh aja hidji doewa noe nekad laladjo, pokna teh. aha tjamplang euj, koerang noe laladjona.

Toeh geuning kitoe aromongna teh!!

Tapi ke, aneh!! Dina malem Rebo tanggal 5 boelan ieu, moen teu salah mah, geus pek deui nanggap wajang golek, tapi . . . . ieu mah di hareup (di Paroekoenan Prijaji). Atoeh noe laladjo oge harita mah mani heurin oesik, sakoemaha biasa bae. Noe daragang atoeh baranang ajeuna mah, teu tjara sasari.

Tah kahajang djisim koering oge koedoe kitoe, oelah kokomoan teuing koe wajang wajang bae mah. Naha geura matak naon, oepama saban ngawajang di Mandopo. entong sok di poengkoer, da asa lega kabina bina djeung tangtoe Kangdjeng Dalem oge laloeasa, sabab di boemina koe andjeun. Noe baris laladjona, di dinja mah tangtoe loba deui.

Kitoe deui, lebah dalangna oge tangtoe djigrah ari loba noe laladjo mah, da asa enjaan aja noe nanggapna teh. Tjatjakan oepama meunang voorstel mah, rek direkest saban ngawajang bae di Mandopo teh, oelah di poengkoer.

Koerang panoedjoe. djisim koering mah, oepama keukeuh kitoe teh!!!!

Hoermatna

toekang laladjo wajang

**A. S.**

# K A B A R.

**(keur noe teu matja s. k. Walanda).**

Tanggal 15 Mei Volksraad diboeka koe G. G. Dina parnoeka tjarita noe katjida pandjangna diseboetkeun, jen padjeg tahoen 1927 bakal ngoerangan beuratna Opcenten tina 30% djadi 24%. Hoofdgeld bakal dileungitkeun.

—o—

Koemisi bezuiniging diboerak

Sanadjan Parlement Frankrijk teu ngidinan ka Pamarentahna make doeit pikeun perang di Marokko ajeuna Frankrijk djeung Spanje keur moeka deui perang djeung Marokko. Kabarna perangna Frankrijk oenggoel bae.

—o—

Ajeuna rea wang kertas f 50 noe palsoe. Tjirina dina ketjap „Schuldige" salah nja eta djadi „Sckuinkige. Wang kertas f 5, f 10, f 25 oge aja noe palsoe. Kahade!

- o—

Koe lantaran noeroetkeun poetoesan Congres Boedi Oetomo moal pipiloeeun kana actieve-politiek, Mr. Soejoedi djeung djoeragan Roedjito voorzitter djeung Commissaris B. O. Tjabang Djogja geus menta eureun sarta diganti koe R. M. Djojodipoero (voorzitter) Hardjobadisewojo (secretaris), Widjonarko (penningmeester), Sastrosoemarmo, Sastrowijoto, Atmosoeprapto djeung Hardjosoemitro Commissaris.

—o—

Wa Jen Wo djadi deui Minister ka hidji di Tiongkok. Chang To Lim bedjana teu moepakat.

Kareta barang ti Peking ka Hankow etjel (gederailleerd) Leuwih ti 50 djelema noe maot.

—o—

Amundsen hiber make kap l oedara ka koetoeg kaler (Noordpool). Geus 12 djam lilana tatjan balik deui ka tempatna.

—o—

Expeditie ka Nieuw Guinea baglan ka doea dikapalaan koe Kapten Posthumus tanggal 11 Mei geus datang ka noe didjoegdjoeg sarta salamet.

—o—

Nojori ahli soerat kabar (Journalist) Djepang ditangkep koe Pamarentah Soviet Roeslan, lantaran didakwa djadi sepion. Pamarentah Djepang menta soepaja Nojori dileupaskeun deui.

Bareto ahli soerat kabar Djepang Oba koe Pamarentah Soviet Roeslan dibedil, lantaran didakwa djadi sepion,

Minister Djepang loear nagara nampa telegram ti Moskow, jen Nojori bakal dileupaskeun deui.

## Bedja ti Garoet

Djoer. Wiramihardja Wadana Pameungpeuk anoe ajeuna, dina pilihan poë Saptoe tg. 24 April geus kapilih djadi lid Raad Kaboepaten Garoet, gantina Djoer. Soemadipradja Wadana Pameungpeuk anoe dialihkeun ka Tjiawi.

* *

Di Tjisoeroepan-Bajongbong djeung Samarang (Tarogong) ratoes-ratoes imah, tatangkalan djeung kakaian noe sedjen geus rebah pasolengkrah katebak angin gede, nepi ka rata djeung djagat. Karoegian djelema-djelema lain loemajan.

Naha tempat sedjen teu perloe ngabantoe?


Schoenmakerij en Kleermakerij

„Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modeina tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njaiagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.

| | |
|---|---|
| Toedoeng Panama noedidamel tina palm | f 6,— |
| „ „ „ djakal | f 2,50 |
| strobla (pamoelasna) | f 0,25 |

**Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925**

**Koek - en Banketbakkerij**

**Fabriek**

RADEN NATAMIHARDJA

**Stationweg 15/17 Tasikmalaja.**

Sadjabi ti sajagi koeweh koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutan noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, pangaos kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktosna, dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5,— ditanggel sae.

Noe ngantos

**Raden Natamihardja.**

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

Berlangganlah!

**„ORGAAN PERDATA"**

(Orgaan Perhimpoenan Dagang dan Tani)

dikeloearkan saban tanggal 1 dan 15 tiap boelan

oleh

**H. B. PERDATA**

Oude Kerkhofweg 34

BANDOENG.

Harga langganan boeat 3 boelan

f 1.50


## LELANG KAJOE DJATI.

Pada tanggal 18 Mei 1926 poekoel 9¼ pagi di roemah bola Galoenggoeng Tasikmalaja dari 150 $M^3$ kajoe dolk dan balk ada di Halten Bandjar Bandjarsari dan Kalipoetjang S.S./W.L. Kavelingsoverzicht dan lain-lain katerangan diminta kepada Opperhoutvester di Garoet.


# Dr. Tan TJOEN HAIJ

**ARTS.**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tiaket tilas boemina Dir. Dr. Saleh Marhoem.

Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marios saban dinten.

**Waktosna.**

**Endjing-endjing 7 - 9**

**sonten 4 - 5**

FROM

# TABIB FAZAL MOHAMAD

**HINDOESTAN'S MEDICINE SHOP**

**TJIHIDEUNG No. 14 TASIKMALAJA.**

VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie). Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu di belek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung hanggana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer

**H. A. Cartobie,**

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:
Dari; Toean Bnirger Noesa Kambangan Tjilatjap.
Toean Moh. Bawasir Tjilatjap.
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroean Delangoe Djokja
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoeg Garoet

# SIK DJOEN KWAN

**TOEKANG GIGI**

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami - lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu saaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, posler, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe. oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,

**SIK DJOEN KWAN**

Sarimbit.

# DOCTOR SOEKARDJO

**Heerenstraat No. 18**

**(Poengkoereun Masdjid)**

Nampi tamoe oenggal dinten, djabi ti **Senen** sareng **Kemis.**

# Toko en Drukkerij

**Pasoendan Tasikmalaja.**

Boekoe - boekoe saniskanten pangadjaran sakola, Balé Poestaka sareng roepi-roepi aosan sepoeh anom pameget istri. Batara Rama I en II Wajang Poerwa (babadna Pendawa).

Tinoenan: Roepi-roepi saroeng geroesan, palekat, andoek-andoek sadaja. kaloearan Soekasoekoer karadjinan. oerang Soenda.

Tjitakan: Roepi roepi staat. oendangan sareng blanco blanco. Henteu awis. Sadaja pangaos galib ajeuna mirah bae.